

Summer Rising 2025



Yon pwogram ak avanti ete gratis nan aprantisaj pou elèv Vil Nouyòk

Dat enpòtan

- **4 mas 2025:** Peryòd aplikasyon an kòmanse
- **28 mas 2025:** Peryòd aplikasyon an fèmen
- **Avril 2025:** Piblikasyon òf yo
- **2 jiyè 2025:** Pwogram Summer Rising kòmanse

Pou plis enfòmasyon, ale nan:
schools.nyc.gov/SummerRising

Tout elèv Vil la ki nan klas K-8yèm ane pandan ane lekòl 2024–25 lan elijib pou aplike, ladan elèv k ap aprann nan plizyè lang, elèv imigran ak elèv ki gen andikap.

Pwogram Summer Rising lan fonksyone soti:

- 2 jiyè jiska 15 out pou elèv klas kindergarten–5yèm ane
- 2 jiyè jiska 8 out pou elèv klas 6yèm–8yèm ane

Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) ak Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè (Department of Youth and Community Development, DYCD) fè patenarya sou pwogram Summer Rising 2025 lan, pou sipòte elèv nan aprantisaj akademik epi ofri eksperyans anrichisan. Anplis pwomnad, aktivite atistik, rekreyasyon deyò ak plis ankò, yo pral ofri tout elèv yo opsyon manje maten ak manje midi gratis ak nourisan.

Kòman pou aplike nan pwogram Summer Rising 2025

1 Ale nan [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov) epi ajoute pitit ou a sou kont ou a.

- Èske ou deja gen yon kont MySchools? Jis antre ladan (log in)!
- Pou kreye youn, ale nan [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov) epi klike sou "kreye yon nouvo kont" ("Create New Account."). Antre enfòmasyon obligatwa yo.
- Pou ajoute pitit ou a sou kont ou, antre nimewo idantifikasyon elèv pitit ou a ki gen 9 chif la ak kòd MySchools pou kreye kont lan. Ou ka jwenn enfòmasyon sa a lè w kontakte lekòl pitit ou a.

2 Ajoute pwogram sou aplikasyon pitit ou a.

- Ajoute tout pwogram ki enterese w nan aplikasyon pitit ou a pou ba li pi bon chans lan pou li resevwa yon òf.
- Mete sèlman lekòl ou vrèman enterese pou pitit ou a ale ladan yo. Mete pwogram yo nan vrè lòd ou pi pito yo a.

3 Voye aplikasyon w lan ale.

- Nan pwosesis admisyon an se pa moun ki vini avan y ap sèvi avan. Aplike nenpòt lè jiska delè **vandredi 28 mas la, 11:59 PM**—y ap trete tout aplikasyon menm jan an.
- Apre w fin voye aplikasyon an ale, w ap resevwa yon imèl ki konfime yo resevwa l.
- Y ap pibliye òf yo an avril. Si pitit ou a resevwa yon òf, asire ou aksepte !!



Ou gen kesyon oswa ou bezwen sipò?

- Ale nan schools.nyc.gov/SummerRising
- Voye yon imèl ba nou nan summer@schools.nyc.gov.
- Kontakte lekòl ou a.

Pa rete tann! Aplike pou yon plas nan pwogram Summer Rising atravè kont MySchools ou a ant **madi 4 mas** ak **vandredi 28 mas**.

